Приложение 1.3
к основной образовательной программе
начального общего образования МБОУ
«Тевзанинская СОШ им. С.С.Зумаева»,
утвержденной приказом директора
от 29.08.2023 г. № 98/од

# Рабочая программа

учебного предмета «Родной язык (чеченский)»
для начального общего образования
Срок освоения программы: 4 года
(1-4 классы)

**Кхеторан кехат**

Лелаш долчу нормативан-бакъонан документашца догӀуш, нохчийн мотт (оьрсийн мотт а санна) Нохчийн Республикин пачхьалкхан меттан статус йолуш бу (2007 шеран 25 апрелан N 16-РЗ йолу «Нохчийн Республикин меттанийн хьокъехь» Нохчийн Республикин закон (06.03.2020 ш. N 13-РЗ ред.). Иза нохчийн халкъан оьздангаллин коьрта хьал а ду, дешаран хьукматашкахь дешаран предмет санна хьоьхуш а бу.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан белхан программа (кхидӀа Программа) кхолларан бух бу хӀара нормативийн-бакъонийн документаш:

- Россин Федерацин конституци (26 статья);
- 2012 шеран 29-чу декабран №273-ФЗ йолу «Россин Федерацин дешаран хьокъехь» Федеральни закон (5, 8, 12, 14 ст.) (02.07.2021 ш. ред.);
- 1991 ш. 25 октябран № 1807-1 йолу «Россин Федерацин халкъийн меттанех» Федеральни закон (2, 6, 9, 10 ст.) (11.06.2021 ш. ред.);
- Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт, Россин Федерацин серлонан Министерсвос 2021 ш. 31 майхь № 286 йолу омранца чӀагӀдина долу;
- Кхетош-кхиоран герггара программа (къобалйина йукъарчу дешаран федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца (02. 06. 2020 ш. № 2/20 йолу протокол);
- Россин Федерацин къаьмнийн ненан мотт хьехаран концепци (Россин Федерацин серлонан Министерсвон коллегехь чӀагӀйина 2019.10.01);
- Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьртачу дешаран герггара программа (къобалйина йукъарчу дешаран федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца (18.03.2022 ш. № 1/22 йолу протокол);
- 2003 шеран 23 мартан Нохчийн Республикин конституци (09.01.2022 ш. хийцамашца);
- 2007 шеран 25 апрелан N 16-РЗ йолу «Нохчийн Республикин меттанийн хьокъехь» Нохчийн Республикин закон (06.03.2020 ш. N 13-РЗ ред.);
- 2014 шеран 30 октябран N 37-РЗ йолу «Нохчийн Республикин дешаран хьокъехь» Нохчийн Республикин закон (06.03.2020 N 13-РЗ ред.);
- 2020 ш. 17 августан № 180 йолчу «Нохчийн Республикин дешар кхиор» Нохчийн Республикин пачхьалкхан программина хийцамаш йукъабалоран хьокъехь» Нохчийн Республикин Правительствон Постановлени (2022.03.17 бинчу хийцамашца);
- Нохчийн Республикин тӀекхуьу чкъор син-оьздангаллин кхетош-кхиоран а, кхиаран а йукъара концепци (тӀечӀагӀйина Нохчийн Республикин Куьйгалхочо 14.02.2013 ш.);
- Нохчийн меттан нийсайаздаран коьртачу бакъонийн гулар тӀечӀагӀйарх №83 йолу Указ (тӀечӀагӀдина Нохчийн Республикин Куьйгалхочо 2020 шеран апрелан 29-чу дийнахь)
- Нохчийн Республикехь нохчийн мотт а, литература а хьехаран концепци (чӀагӀйина 2022.05. 12 № 3 йолчу Ӏилманан Советан кхеташонехь);
- Нохчийн меттан нийсайаздаран коьрта бакъонаш /Джамалханов З.Д., Мациев А.Г., Овхадов М.Р., Халидов А.И., и.д. кх. – Соьлжа-гӀала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2022. – 64 а.

Программа кхочушйаран бухахь системехь-гӀуллакхдаран некъ бу. «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Ӏамор тӀехьажийна ду гуманитарни циклан кхечу дешаран предметашца межпредметни уьйр кхочушйарна.

**«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан йукъара характеристика**

«Нохчийн мотт» дешаран предметан герггара белхан Программа йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран программаш кхочушйечу организацешна (хьукматашна) хӀоттийна йу.

Школан дешаран хIинцалерчу тенденцешна а, Iаморан жигарчу методикашна а тIехьажийна йолу «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан белхан программа хIотторехь хьехархошна методикин гIо лацаран Iалашонца кечйина йу хIара Программа.

Белхан Программас хьехархочун аьтто бийр бу:

1) Нохчийн мотт хьехаран процессехь йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь кепе далийна Iаморан личностни, метапредметан, предметан жамIашка кхачаран хIинцалера некъаш кхочушдан;

2) Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца (Россин Федерацин серлонан Министерсвос 2021.05.31 № 286 йолу омранца чIагIдина долу); Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьртачу дешаран герггарчу программица (къобалйина йукъарчу дешаран федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца (18 мартан 2022 ш. № 1/22 йолу протокол); Кхетош-кхиоран герггарчу программица (къобалйина йукъарчу дешаран федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца (02. 06. 2020 ш. № 2/20 йолу протокол); Нохчийн Республикин тIеккхуьу чкъор син-оьздангаллин кхетош-кхиоран, а, кхиаран а йукъара Концепцица (тIечIагIйина Нохчийн Республикин куьйгалхочо 14.02.2013 ш.) цхьаьнадогIу Iаморан кхочушдан лору жамIаш а, «Нохчийн мотт» дешаран предметан чулацам а Iаморан шерашца къасто а, хIоттамца дIанисбан а;

3) Билггал йолчу классан башхаллаш тидаме а оьцуш, билгалдина дакъа/тема Iаморна дешаран хенан магийнчу герггарчу дIасайекъарх, ткъа иштта дакъойн/темийн Iаморан коьчал карайерзорхьама йалийнчу дешаран гIуллакхдаран коьртачу кепех пайда а оьцуш, календарно-тематикин планировани кечйан.

Программин чулацам тIехьажийна бу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандарто «Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан областана лехамийн декъахь далийнчу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьрта дешаран программа кхиамца карайерзоран жамIашка кхачарна.

Программа тIехьажийна йу «Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан областана йукъайогIучу нохчийн меттан курсана кхачо йарна а, гIо лацарна а.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан герггарчу белхан Программин чулацам йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца цхьаьнабогIуш бу.

Дешаран предметан чулацам внеурочни гIуллакхдарехула а кхочушбан тарло: экскурсеш, тематикин мероприятеш, къийсамаш (конкурсаш), и.д.кх.

**«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан белхан**
**Программин чулацаман коьрта линиш**

Дешаран предметан коьчал меттаIилманан дакъошца йогIуш хIоттийна йу. Нохчийн меттан систематически курс Программехь хIокху чулацаман линишца йалийна йу: «Маттах лаьцна хаамаш», «Фонетика, орфоэпи, графика, орфографи»; «Лексика», «Морфемика», «Морфологи», «Синтаксис», «Орфографи а, пунктуаци а», «Къамел кхиор».

Программехь къаьсташ йу кхо блок: «Къамелан гIуллакхдаран тайпанаш», «Систематически курс» (1-чу классехь хьалхарчу эха шарахь – «Йоза-дешар Iамор»), «Къамел кхиор».

«Къамелан гIуллакхдаран тайпанаш» цIе йолу хьалхара блок йоьзна йу шайн вовшашца йолчу уьйраца цхьаьна къамелан гIуллакхдаран деа тайпанехула кхиарца, йуьхьанцарчу классийн дешархойн (тIекеренан Iалашонаш къасто хаа, къамелан тIекеренехь нийса дакъалаца) коммуникативни карадерзарш кхиорца; къамелан этикетан бакъонех пайдаэцаран практика алсамйаккхарца.

«Систематически курс» цIе йолчу шолгIачу блоко йукъалоцу меттан дакъойх пайдаэцарна тIехь тергам барна кхачо йен чулацам, дешаран а, практикин а хьелашкахь меттан дакъойх пайдаэцаран бухера карадерзарш а, хаарш а кхиор; хIинцалерчу нохчийн литературни меттан норманех болу йуьхьанцара кхетамаш кхоллар. ХIара блок тIехьажийна йу (Iамийнчун гурашкахь) хIинцалерчу нохчийн литературни меттан норманаш практикехула карайерзорна; дахаран йерриге сферашкахь нохчийн маттах пайдаэцарехь жоьпаллин а, кхетаме а йукъаметтиг кхиорна.

«Къамел кхиор» цIе йолу кхоалгIа блок. Чулацаман коьртачу декъах кху блокехь текстащца бен болх бу: кхета хаар кхиор, йеллачу текстащна анализ йар, тайп-тайпанчу функциональни-маьIнийн тайпанийн, жанрийн, стилийн шен тексташ кхоллар.

**«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іаморан Іалашо а, хьесапаш а**

Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран тІегІанехь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іаморан **Іалашо** – дешархойн коммуникативни хьуьнарш кхоллар (барта а, йозанан а, монологан а, диалоган а къамел кхиор), уьш къамелан гІуллакхдарна практикехь йукъабалор; дешархошкахь нохчийн маттах а, халкъан культурица цуьнан уьйрах а билггал долу хаарш кхоллар.

Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран тІегІанехь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іаморан **хьесапаш ду** дешархошкахь кхоллар а, кхиор а:

- нохчийн меттан шатайпаналлех, къоман ламастех, шен халкъан культурех йуьхьанцара кхетам; этнически кхетам (самосознани) кхиор;
- нохчийн матте позитиван эмоцин-механллин йукъаметтиг, цуьнан цІеналла а, башхалла а ларйарехь декъах хиларан синхаам; нохчийн матте бовзаран дог дар, шен къамел кхачаме дало гІертар;
- тІекеренан Іалашонашца, хьелашца, хьесапашца богІу меттан гІирсаш харжарехула, нохчийн маттахь жамІаш дарехула а, шена хетачунна бух балорехула долу хьуьнар кхоллар а, кхиор а;
- хьехархочун/одноклассникийн барта аларш хазарехь тІеэца хьуьнар кхоллар а, кхиор а;
- нийса йеша а, нийса йазйан а, урокан темехула диалогехь а, коллективан беседехь дакъалаца, чолхе доцу барта монологан аларш а, йозанан тексташ а хІитто хаар кхоллар а, кхиор а;
- нохчийн меттан системех а, хІоттамах а болу йуьхьанцара кхетамаш (фонетикех, графикех, лексикех, морфемикех, морфологех, синтаксисах);
- функциональни говзалла а, хийцалучу дуьненаца кхиаме зІе латто а, кхин дІа долчу кхиаме дешарна кийча хилар а кхоллар а, кхиор а.

**Дешаран планехь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан меттиг**

Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца цхьаьнадогІуш, «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет «Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан областана йукъа а йогІу, Іамо тІейожош а йу.

«Ненан (нохчийн) мотт» Іаморна леринчу сахьтийн йукъара терахь – 405 с. (хІора классехь кІирнах 3с.): 1-чу классехь – 99 с., 2-чу классехь – 102 с., 3-чу классехь – 102 с., 4 классехь – 102 с.

Дешаран учрежденин бакъо йу дешаран предмет Іаморна деллачу сахьтийн барам, дешаран йукъаметтигийн декъашхоша кхуллучу планан декъан сахьтийн чоьтах ша алсамбаккха.

**«Ненан (нохчийн) мотт» предметан чулацам**

**1 класс**

**Йоза-дешар Іамор**

**Къамел кхиор**

Гайтаме-васте моделийн гІоьнца къамелах болу йуьхьанцара кхетам.
Къамел суьртийн а, схемийн а гІоьнца маьІнийн дакъошка (предложенешка) декъар.

Текстах болу йуьхьанцара кхетам. Хозуьйтуш ша йоьшуш а, ладугІуш а текстах кхетар.

ХІума а, цуьнан цІе йоккху дош а.
(Мила?), (хІун?) бохучу хаттаршна жоьпаш лун дешнаш. ХІуманийн дараш гойту дешнаш. Дашах а, предложенех а йукъара кхетам.

Іаморан диалогехь дакъалацар. Билгалйаьхначу теманашна а, хьелашна а йуьхьанцара диалог хІоттор.

Сюжетан суьртех а, шайн ловзарех а, занятех а, тергамех а дийцаран кепехь кегий дийцарш хІиттор.

Къамелан гІиллакхаш. Нохчийн меттан гІиллакхе дешнаш (маршалла хаттар– *Іуьйре дика хуьлда! Суьйре дика хуьлда! Де дика хуьлда! Іодика йар – Іодика йойла! благодарность – Дела реза хуьлда! Баркалла! ...).*

Хаттаран предложенин интонаци (йиш).

Нохчийн маттехула йолчу тексташкахь оьрсийн маттара тІеэцна дешнаш довзар.

**Дош а, предложени а**

Дешан маьIнин тергам. Гергара а, дуьхьалара а маьIна долу дешнаш. Уьйр лелорехь дешан меттиг а, цуьнан гIуллакх а. Къамелехь хIуманаш, хIуманийн билгалонаш, дараш билгалдечу дешнех нийса пайдаэцар.

Дош а, дешнийн цхьаьнакхетар а.

ХIума (объект) йовзар санна дош тIеэцар. Дешан маьIнина тIехь тергам.

Дош а, цо билгалйо хIума а йовзар (къастар).

Дош а, предложени а йовзар. Предложеница болх бар: дешнаш билгалдахар, церан хьалх-тIаьхьалла (рогIалла) хийцар. Предложенин йозанан кеп йалор. Тайп-тайпанчу эшарца (интонацица) предложенеш дIайешар. Интонированиин (иэшарца йешаран) хаарш шардар. Текстера предложенийн барам билгалбар.

Диалог.

1-на тIера 10-на тIекхаччалц дагардар.

**Фонетика**

Къамелан аьзнаш. Дешан аьзнийн хIоттаман а, цуьнан маьIнийн а цхьаалла. Дашехь долчу аьзнийн хьалх-тIаьхьалла а, аьзнийн барам а къастор. Схемина тIе а тевжаш, къамелан аьзнийн характеристика йар. Нохчийн меттан аьзнаш оьрсийн меттан аьзнашца дустар.

«*К*» элпаца билгалде аьзнаш.

Цхьана йа масех озаца къаьсташ долу дешнаш дуьхь-дуьхьал хIиттор: *лом, лам, кхор, кор, лу, ло.* Дешан аьзнийн анализ, аьзнийн моделашца болх бар: дешан аьзнийн хIоттаман модель йиллар, билгалйинчу моделаца догIу дешнаш далор.

Мукъа, мукъаза аьзнаш а, зевне, къора мукъаза аьзнаш а довзар (къастар).

Нохчийн меттан ша-тайпа аьзнаш: *кх, къ, кI, аь, оь, уь, юь, яь, хь, гI, пI, тI, хI, цI, чI, I.*

Дешдакъа аларан уггаре жима дакъа санна. Дешнаш дешдакъошка декъар. Дашехь дешдакъойн барам. Дешнаш дешдакъошца дешар.

**Графика**

Аз а, элп а довзар (къастар): элп аз билгалден хьаьрк санна. Нохчийн меттан элпаш. Доккха а, могIанан а элп. Абат (алфавит). Нохчийн алфавитан оьрсийн алфавитах къастар.

Нохчийн графикийн дешдакъойн принцип. Нохчийн меттан шина хьаьркаца билгалдо ша-тайпа мукъа *(аь, уь, оь)* а, мукъаза (*гI, кх, къ, кI, пI, тI, хI, хь, цI, чI*) а элпаш. Элп *I*. Дешнийн аьзнийн-элпийн анализ.

*Е, ё, ю, я, й* элпийн гIуллакх.

Адамийн фамилешкахь а, цIерашкахь а, дийнатийн а, гIалийн, йартийн, урамийн цIерашкахь а доккха элп е*, ё, я, яь, ю, юь* йаздар.

Нохчийн алфавитехь элпийн хьалх-тIаьхьалла.

**Йешар**

Дешдакъошца йешар (мукъа аз билгалдечу элпе хьаьжжина). Дешдакъошца шера а, индивидуальни темпаца йогIучу сихаллица дийнна дешнашца а йешар. Сацаран хьаьркашца йогIучу соцунгIашца а, интонацица (иэшарца) а йешар. Дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш, предложенеш, йаккхий йоцу тексташ кхеташ йешар. Йаккхий йоцчу прозин текстийн а, стихотворенийн а исбаьхьаллин йешар. Хьехархочун хаттаршна тIетевжаш а, шеггара а текст схьайийцар.

Нийсааларан (орфоэпин) йешар (дийнна дешнаш деша дуьйлалуш). Нийсайаздаран (орфографин) йешар (проговаривание), дIайоьшуш йазйарехь а, схьайазйарехь а ша шен таллам (самоконтроль) баран гIирс санна.

**Йоза**

Йоза Iамор а, каллиграфин говзалла кхоллар а. Йоза кхочушдечу хенахь, ларбан оьшу уьнахцIоналлин лехамаш бовзийтар. Куьйган пIелгаш лелоран жигаралла (мелкая моторика) а, паргIат куьг лелор а кхиор.

Тетрадь тIехь кехатан агIонан шортонехь а, классан уьнан шортонехь а ориентаци йан хаар кхиор.

Йозанан даккхий а, могIанан а элпаш дIайаздар карадерзор. ЦIена а, къаьсташ долчу а хотIаца йаздар. ДIадоьшуш дешнаш а, предложенеш а йазйар.

Текст нийса схьайазйаран приемаш а, хьалха-тIаьхьалла а.

Элпийн боцу графикин гIирсийн гIуллакхах кхетар: дешнашна йукъарчу кIайдарган, сехьадаккхаран хьаьркан.

**Орфографи а, пунктуаци а**

Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: дешнаш къаьстина йаздар; предложенин йуьххьехь а, долахь цIерашкахь а (адамийн цIерашкахь, дийнатийн, гIалийн, йартийн, урамийн а

цIерашкахь) а доккха элп йаздар; адамийн цIерашкахь, фамилешкахь, дайн цIерашкахь а *я, яь, ю, юь, е, ё* элпийн а, долахьчу цIерашкахь а, тIеэцначу дешнашкахь а *я, ю, е, ё* элпийн а нийсайаздар; нохчийн меттан шалхачу мукъазчу элпийн (*хь,кх,цI, къ, пI,...)* нийсайаздар; *ю, ы, ф, я, щ* элпашца долчу дешнийн нийсайаздар; мукъазчу аьзнийн цхьаьнакхетарш доцчу дешдакъошца долу дешнаш сехьадахар; предложенин чаккхенгахь сацаран хьаьркаш.

## Систематически курс

**Маттах болу йукъара хаамаш**

Мотт адамийн уьйр лелоран коьрта гIирс санна. ТIекеренан Iалашонаш а, хьелаш а.

**Фонетика**

Къамелан аьзнаш. Мукъа, мукъаза аьзнаш а, уьш довзар а. Зевне, къора мукъаза аьзнаш а, уьш довзар а. Нохчийн меттан ша-тайпа аьзнаш.

Дешдакъа. Дашехь дешдакъойн барам. Дешнаш дешдакъошка декъар (мукъазчу аьзнийн цхьаьнакхетарш доцу атта дешнаш).

**Графика**

Аз а, элп а. Аьзнаш а, элпаш а довзар. Нохчийн меттан ша-тайпа (шалха) элпаш.

ТIеэцначу дешнашкахь бен пайда ца оьцу *е, ё, ю, я* элпаш. Адамийн цIерашкахь, фамилешкахь, дайн цIерашкахь а, дийнатийн цIерашкахь а доккха элп.

Нохчийн абат (алфавит): элпийн цIераш, церан хьалх-тIаьхьалла. Дешнийн къепйоза рогIаллехь нисдархьама, абатах пайдаэцар.

Элпийн боцу графикин гIирсаш: дешнашна йукъара кIайдарг, сехьадаккхаран хьаьрк.

**Орфоэпи**

Аьзнаш а, аьзнийн цхьаьнакхетарш а алар: шала мукъаза [*кхкх*], [*тт*], [*лл*]*, и.д.кх.*

**Лексика**

Дош меттан дакъа санна (довзийтар).

Дош хIуманан, хIуманан билгалонан, хIуманан даран цIе санна (довзийтар).

Синонимаш а, антонимаш а (йукъара кхетам, терминаш а ца йалош).

**Синтаксис**

Дешнийн цхьаьнакхетар (довзийтар). Предложени меттан дакъа санна (довзийтар).

Предложенехь дешнийн къепе. Предложени дIайазйаран бакъонаш. МаьIнийн хаттарийн гIоьнца предложенехь дешнийн уьйр билгалйаккхар. Кепах йохийна предложенеш йухаметтахIиттор. Цхьаьнатоьхначу дешнийн кепех предложенеш хIиттор. Предложенин схема. Предложенин схема йешар. Предложени а, цуьнан схема а йустар (соотнесение). Схемехула а, билгалдинчу дешнашкахула а предложенеш хIиттор.

Текст. Текстан билгалонаш. Текстан тема а, цIе а.

**Орфографи а, пунктуаци а**

Нийсайазйаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: предложенехь дешнаш къаьстина йаздар; предложенин йуьххьехь а, долахь цIерашкахь а доккха элп йаздар: адамийн цIерашкахь а, фамилешкахь а, дийнатийн цIерашкахь а; адамийн цIерашкахь, фамилешкахь, ден цIерашкахь, дийнатийн цIерашкахь *я, яь, ю, юь, е, ё* элпийн нийсайаздар, тIеэцначу дешнашкахь *я, ю, е, ё* элпийн нийсайаздар; нохчийн меттан мукъазчу элпийн *(хь, хI, кх, чI, и.д.кх.)* нийсайаздар*; щ, ь, ы, ф* элпашца долчу дешнийн нийсайаздар; дешнаш сехьадахар; предложенин чаккхенгахь сацаран хьаьркаш: тIадам, хаттаран а, айдаран а хьаьркаш.

Текст схьайазйаран алгоритм.

**Къамел кхиор**

Къамел адамашна йукъахь тIекере лелоран коьрта кеп санна. Барта а, йозанан а къамел: коьрта башхаллаш (отличия). Дош къамелан дакъа санна. Къамелехь дешан маьIна (роль).

Предложени а, текст а къамелан дакъош санна (довзийтар). Текстан цIе. Шен (собственный) текст хIоттор.

ТIекеренан хьелаш: тIекеренан Iалашо, хьаьнца, мичахь кхочушхуьлу тIекере. Барта тIекеренан хьелаш (диалогаш ролашца йешар, видоматериалашка хьажар, аудиозаписе ладогIар).

Дешаран а, Iер-дахаран а хьелашкахь къамелан этикетан норманаш (маршалла хаттар, Iодика йар, бехк цабиллар дехар, баркалла алар, дехар дар).

**2 класс**

**Маттах лаьцна йукъара хаамаш**

Мотт адамийн тIекеренан коьрта гIирс а, къоман культурин хилам а санна. Россин а, дуьненан а меттан шортенан тайп-тайпаналлех йуьхьанцара кхетамаш. Мотт бовзаран некъаш: тергам, анализ.

**Фонетика, графика, орфоэпи**

Аьзнийн маьIна къасторан гIуллакх; аьзнаш а, элпаш а; зевне, къора мукъаза аьзнаш довзар. Озан башхаллин характеристика: мукъа – мукъаза; зевне – къора мукъазнаш. Нохчийн меттан ша-тайпа мукъа фонемаш (аь – аь, оь – оь, уь – уьй) а, уьш элпашца билгалйар а *(аь, оь, уь, яь, юь). Я, яь, ю, юь, е(ё)* элпашца дешнаш. *Э, е* элпашца дешнаш. Деха $\overline{\text{а}}$, доца $\overline{\text{а}}$ мукъанаш. *Й* элпаца долу дешнаш. Нохчийн меттан ша-тайпа мукъаза фонемаш *(гI, кI, къ, кх, пI, тI, хI, хь, цI, чI, I)* а, уьш элпашца билгалйар а. *Щ, ь, ы, ф* элпашца долу дешнаш. Шеконца *[оьв], [ой], [эв]* хеза дешнаш нийсайаздар.

Дешнаш дешдакъошка декъар (мукъаза элпийн цхьаьнакхетарш дерш а цхьаьна).

Дошамашца болх беш алфавитах болчу кхетамах пайдаэцар.

Элпийн боцу графикин гIирсаш: дешнашна йуккъехь кIайдарг, сехьадаккхаран хьаьрк, абзац (цIен могIа), сацаран хьаьркаш (Iамийнчун барамехь).

**Лексика**

Дош декаран а, маьIнин а цхьаалла санна. Дешан лексикин маьIна (йукъара кхетам). Текстехула дешан маьIна билгалдаккхар йа дошаман гIоьнца маьIна нисдар.

ЦхьанамаьIнийн а, дукхамаьIнийн а дешнаш (атта дешнаш, тергам).

Къамелехь синонимех а, антонимех а пайдаэцарна тIехь тергам.

**Дешан хIоттам (морфемика)**

Орам дешан ца хилча ца долу дакъа санна. Цхьанаораман (гергара) дешнаш. Цхьанаораман (гергарчу) дешнийн билгалонаш. Дешнашкахь орам къастор (аттачу меттигашкахь).

**Морфологи**

**Къамелан дакъош**

ЦIердош (довзийтар): йукъара маьIна, хаттарш *(«мила?», «хIун?»)*, къамелехь пайдаэцар. Йукъара а, долахь а цIердешнаш (фамилеш, цIераш, дайн цIераш, дийнатийн цIераш, меттигийн цIераш).

Хандош (довзийтар): йукъара маьIна, хаттарш *(«хIун до?», «хIун дина?», «хIун дийр ду?»)*, къамелехь пайдаэцар.

Билгалдош (довзийтар): йукъара маьIна, хаттарш *(«муха?», «хьенан?» «стенан?»)*, къамелехь пайдаэцар.

ДештIаьхье. Уггар йаьржина дештIаьхьенаш: *тIе, тIера, чу, чуьра, кIел*, и.д.кх.

**Синтаксис**

Предложенехь дешнийн къепе; предложенехь дешнийн уьйр (карладаккхар).

Предложени меттан дакъа санна. Предложени а, дош а. Предложенин дашах къастар.

Аларан Iалашоне хьаьжжина, предложенийн тайпанаш: дийцаран, хаттаран, тIедожоран предложенеш.

Синхаамийн иэшаре (эмоцин окраске) хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (интонацехула (иэшарехула): айдаран а, айдаран йоцу а предложенеш.

**Орфографи а, пунктуаци а.**

1-чу классехь Iамийна нийсайаздаран бакъонаш карлайахар. Предложенин йуьххьехь а, долахь цIерашкахь а доккха элп (цIераш, фамилеш, дийнатийн цIераш); предложенин чаккхенгахь

сацаран хьаьркаш; дош цхьана могIарера вукху могIаре сехьадаккхар (дешан морфемин декъадалар тидаме а ца оьцуш);

Нийсайаздаран син иралла нийсайаздаран гIалат дан тарлун меттигах кхетар санна. Дешан йаздар къасторхьама (нисдархьама), Iаматан тIерачу нийсайаздаран дошамах пайдаэцар.

Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: долахь цIерашкахь доккха элп: цIераш, фамилеш, дайн цIераш, дийнатийн цIераш, меттигийн цIераш; йукъарчу цIерашкахь а, кхечу къамелан дакъошкахь а (нохчийн меттан дешнашкахь ) *я, яь, ю, юь, е (ё)* элпийн нийсайаздар, тIеэцначу (йукъарчу) дешнашкахь *я, ю, е (ё)* элпийн нийсайаздар; долахь цIерашкахь: цIерашкахь, фамилешкахь, дайн цIерашкахь, дийнатийн цIерашкахь, меттигийн цIерашкахь (нохчийн меттан дешнашкахь) *я, яь, ю, юь, е (ё)*элпийн нийсайаздар, тIеэцначу дешнашкахь (долахь цIерашкахь) *я, ю, е (ё)* элпийн нийсайаздар; нохчийн меттан мукъазчу элпийн *(къ, кI, кх, гI, и.д.кх.)* нийсайаздар; шеконца *[оьв], [ой], [эв]* хезачу дешнийн нийсайаздар *(-эв,-аьв,-ев)*; *щ, ь, ы, ф* элпашца долчу дешнийн нийсайаздар; деха мукъа *и, уь* хезачохь *й* элп йаздар; дештIаьхьенаш цIердешнашца къаьстина йазйар.

**Къамел кхиор**

Коммуникативни хьесап эвсараллица кхочушдархьама, барта тIекеренан Iалашонашца а, хьелашца а цхьаьнабогIу меттан гIирсаш харжар (деллачу хаттарна жоп далархьама, шена хетарг алархьама). Къамел дан хаар (дIадоло, къамелехь дакъалаца, къамел чекхдаккха, тидам тIеберзо, и. д.кх.). Къамелан диалоган кеп практикехь карайерзор. Дешаран а, Iер-дахаран а тIекеренан хьелашкахь къамелан этикетан норманаш а, орфоэпин (нийсааларан) норманаш а ларйар. Цхьаьна гIуллакхдарехь шимма цхьаьна а, тобанашкахь а болх дIахьуш, бартбан а, йукъарчу сацаме ван а хаар.

Суьртан репродукцихула барта дийцар хIоттор. Ша бинчу тергамашкахула а, хаттаршкахула а барта дийцар хIоттор.

Текст. Текстан билгалонаш: текстера предложенийн маьIнийн цхьаалла; текстера предложенийн хьалх-тIаьхьалла; текстехь кхочушхилла йаьлла ойла гайтар. Текстан тема. Коьрта ойла. Текстан цIе. Билгалйинчу тексташна цIе харжар. Текстан дакъойн (абзацийн) хьалх-тIаьхьалла. Предложенийн а, абзацийн а рогIалла талхийна тексташ нисйар.

Текстийн тайпанаш: суртхIоттор, дийцар, ойлайар, церан башхаллаш (йуьхьанцара довзийтар).

Декъалдар а, декъалдаран открытка (диллина кехат) а.

Текстах кхетар: текстехь болчу хааман буха тIехь цхьалха жамIаш кепе далоран хаар кхиор. Нийсачу интонацица (иэшарца) текстан хозуьйтуш исбаьхьаллин йешар.

Хаттаршна тIе а тевжаш, 25-35 дешан барамехь йолу дийцаран текст ма-йарра схьайийцар.

**3 класс**

**Нохчийн маттах болу хаамаш**

Нохчийн мотт тIекеренан мотт санна. Мотт бовзаран некъаш: тергам, анализ, лингвистикин эксперимент.

**Фонетика, графика, орфоэпи**

Нохчийн меттан аьзнаш: мукъа/мукъаза, къора/зевне мукъазнаш. Деха а, доца а мукъа аьзнаш.

Йеха а, йоца а дифтонгаш *иэ, уо*, уьш йазйар. Нохчийн маттахь ъ гIуллакх. *ъ, ь* долчу дешнашкахь *(айъа, тетрадь...)* аьзнийн а, элпийн а хIоттаман базар (соотношение).

Дошамашца, справочникашца, каталогашца болх беш, алфавитах пайдаэцар.

Аьзнийн а, аьзнийн цхьаьнакхетарийн а аларан норманаш; дешнашкахь мукъачу аьзнийн дохалла (нохчийн маттахь жигара пайдаоьцучу дешнийн масалшца).

**Лексика**

Дешан лексикин маьIна.

Дешан нийса а, тIедеана а маьIна (довзийтар).

**Дешан хIоттам (морфемика)**

Орам дешан ца хилча ца долу дакъа санна; цхьанаораман (гергара) дешнаш; цхьанаораман (гергарчу) дешнийн билгалонаш; цхьанаораман дешнаш а, синонимаш а довзар; дешнашкахь орам къастор (аттачу дешнашкахь); чаккхе, дешан хийцалуш долу дакъа санна.

Цхьанaoраман дешнаш а, цхьана дешан кепаш а. Орам, дешхьалхе, суффикс – дешан маьIне дакъош. *-р, - хо, -ча* суффиксашца долу дешнаш. Хьастаран-жимдаран суффиксашца дешнаш кхоллар *(цIа-цIелиг, кема-кемалг...).*

**Морфологи**

ЦIердош: йукъара маьIна, хаттарш, къамелехь пайдаэцар.

Долахь (фамили, цIе, ден цIе, дийнатийн цIераш, меттигийн цIераш, говзарийн, газетийн, журналийн цIераш…) а, йукъара а цIердешнаш. ЦIердешнийн терахьашца хийцадалар. Цхьаллин терахьан а, дукхаллин терахьан а бен кеп йоцу цIердешнаш. ЦIердешнийн классаш. ЦIердешнийн классийн гайтамаш. ЦIердешан дожар. ЦIердешан дожар билгалдаккхар. ЦIердешнийн дожаршца а, терахьашца а хийцадалар.

Билгалдош: йукъара маьIна, хаттарш *(муха? хьенан? стенан? муханиг?)*, къамелехь пайдаэцар. Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш. Билгалдешнийн классашца а, терахьашца а, дожаршца а хийцадалар.

ЦIерметдош (йукъара кхетам). Йаххьийн цIерметдешнаш а, къамелехь царах пайдаэцар а. Текстехь цхьана дешан ца оьшу йух-йуха далор дIадаккхархьама, йаххьийн цIерметдешнех пайдаэцар.

Хандош: йукъара маьIна, хаттарш, къамелехь пайдаэцар. Хандешан билгалза кеп. Хандешан карара, йахана, йогIу хан.

ДештIаьхье (карладаккхар). ДештIаьхьенаш *тIе, чу,* церан дешхьалхенех *(тIе-, чу-*) къастар.

*Ца, ма* дакъалгаш а, церан маьIна а.

**Синтаксис**

Предложени. Дешнийн цхьаьнакхетар. МаьIнийн (синтаксисан) хаттарийн гIоьнца предложенехь дешнашна йукъара уьйр билгалйаккхар.

Предложенин коьрта меженаш: подлежащи, сказуеми. Предложенин коьртаза меженаш (тайпанашка а ца йоькуш). Йаьржина а, йаржаза а предложенеш.

Хуттург йоцчу а, *а* хуттургаца йолчу а предложенин цхьанатайпанчу меженашна тIехь тергам.

**Орфографи а, пунктуаци а**

Орфографин син иралла нийсайаздаран гIалат дан тарлун меттигах кхетар санна; ша хIоттийна а, билгалйаьхна а teксташ талларехь таллам а, ша шена таллам а (карладаккхар а, нийсайаздаран керлачу коьчалехь пайдаэцар а).

Нийсайаздаран (орфографин) дошамах дешан нийсайаздар къастош (нисдеш) пайдаэцар.

Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: долахь цIерашкахь (фамилеш, цIераш, дайн цIераш, дийнатийн цIераш, меттигийн цIераш, говзарийн, журналийн, газетийн… цIераш) а, йукъарчу цIерашкахь *я, яь, ю, юь, е* элпийн нийсайаздар (карладаккхар а, тIечIагдар а); йеха а, йоца а *иэ, уо* дифтонгийн нийсайазйар; чаккхенгахь *-г, -к* элпаш долчу цIердешнашкахь *а* йа *и* элп йаздар; дешан чаккхенгахь шала мукъаза элпаш йаздар *(дитт, мотт, балл…)*; нохчийн меттан шатайпа мукъаза элпаш нийсайаздар *(ккх, ккъ, чкI,..)*; дешан чаккхенгахь *н* элп йаздар; дештIаьхьенаш йаххьийн цIерметдешнашца къаьстина йазйар; дакъалгаш *ца, ма* хандешнашца къаьстина йаздар; *й, ъ, ь* элпашца долу дешнаш сехьадахар; шала мукъазчу элпашца *(лл, тт, сс…)* долу дешнаш сехьадахар; шалхачу шала мукъазчу элпашца *(ккх, ткъ, чкъ…)* долу дешнаш сехьадахар; цIердешнийн дукхаллин терахьан чаккхе; дештIаьхьенийн нийсайазйар; *ца, ма,* дакъалгашца дешхьалхенийн цхьаьна а, къаьстина а йазйар.

**Къамел кхиор**

Къамелан этикетан норманаш: барта а, йозанан а кхайкхар, дехар дар, бехк цабиллар дехар, баркалла алар, духатохар, и.д.кх. Дешаран а, Iер-дахаран а тIекеренан хьелашкахь къамелан этикетан норманаш а, нийсааларан (орфоэпин) норманаш а ларйар. Диалогехь а, дискуссехь а шена хетарг кепе дало, тIечIагIдан; барт бан а, цхьаьна гIуллакхдарехь йукъарчу сацамна тIетан а; шимма цхьаьна, тобанашца болх кхочушбеш, дарашна тIехь таллам (контроль) бан (барта уьйр йан) гIо ден къамелан гIирсаш.

Нохчийн мотт ца хуучу нахаца тIекере лелоран хьелашкахь къамелан этикетан башхаллаш.

Текстан план. Текстан план хIоттор, йеллачу планаца текст йазйар. Йаххьийн цIерметдешнийн, синонимийн, хуттургийн гIоьнца текстехь предложенийн уьйр. Текстехь коьрта дешнаш.

Текстийн тайпанаш (дийцар, суртхIоттор, ойлайар) къастор а, билгалйинчу кепан шен тексташ кхоллар а.

Кехатан, дIакхайкхоран (объявленин) жанр.

Массара цхьаьна йа ша хIоттийнчу планаца текст схьайийцар.

Талламан, довзийтаран йешар.

**4 класс**

**Нохчийн маттах болу хаамаш**

Нохчийн мотт Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт санна.

Мотт – халкъан синъоьздангаллин коьртачу мехаллех цхьаъ санна.

Мотт бовзаран тайп-тайпана некъаш: тергам, анализ, лингвистикин эксперимент, мини-таллам, проект.

**Фонетика, графика, орфоэпи**

Йеллачу параметрашца дашехь а, дашехь доцуш а аьзнийн характеристика, дустар, классификаци йар. Дешан аьзнийн-элпийн таллам.

Къамел даран (говорение) а, йешаран а процессехь нийса интонаци (иэшар). Аьзнийн, аьзнийн цхьаьнакхетарийн аларан норманаш; дешнашкахь, хIинцалерчу нохчийн литературни меттан норманашца йогIу, йохалла (Iаматехь Iамочу дешнийн кIеззиг масалшна тIехь).

**Лексика**

Къамелехь синонимех, антонимех, омонимех пайдаэцарна тIехь тергам.

Къамелехь дешнийн чIагIделлачу цхьаьнакхетарех (фразеологизмех) пайдаэцарна тIехь тергам (довзийтар).

**Дешан хIоттам (морфемика)**

Хийцалучу дешнийн хIоттам, морфемаш атта къасталучу дешнашкахь орамаш, дешхьалхенаш, суффиксаш, чаккхенаш билгалйахар (Iамийнарг карладаккхар).

Дешан лард. Чолхе дешнаш (довзийтар).

**Морфологи**

Коьрта а, гIуллакхан а къамелан дакъош (йуьхьанцара довзийтар).

ЦIердош. ЦIердешнийн легар. 1, 2, 3, 4-чу легарийн цIердешнаш. Долахь цIердешнийн легар (цIераш, фамилеш).

Билгалдош. Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш. Билгалдешнийн легар.1,2-чу легаран билгалдешнаш. Легалуш доцу билгалдешнаш (хьенан? стенан? хаттаршна жоп лун билгалдешнаш).

Терахьдош. Масаллин а, рогIаллин а терахьдешнаш.

ЦIерметдош. Йаххьийн цIерметдешнаш (карладаккхар). Цхьаллин а, дукхаллин а терахьан йаххьийн цIерметдешнийн дожаршца хийцадалар.

Хандош. Хандешан билгалза кеп. Хандешнийн карара, йахана, йогIу хан. Хандешнаш хенашца хийцадалар.

Куцдош (йукъара кхетам). МаьIна, хаттарш, къамелехь пайдаэцар.

ДештIаьхье.

Хуттург. Цхьалхе а, чолхе а предложенешкахь хуттургаш.

Дакъалгаш *ца, ма,* церан маьIна.

**Синтаксис**

Дош а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а, церан тераллех а, башхаллех а кхетар; аларан Iалашоне хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (дийцаран, хаттаран, тIедожоран); синхаамийн иэшаре (айдаран а, айдаран йоцу а) хьаьжжина, предложенийн тайпанаш; йаьржина а, йаржаза а (Iамийнарг карладаккхар). Цхьалхечу предложенин синтаксически таллам.

Цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш: хуттургаш йоцу а, хуттургашца йолу а. Цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенешкахь дагардаран интонаци (иэшар).

Цхьалхе, чолхе предложени (йовзийтар).

**Орфографи а, пунктуаци а**

Орфографин син иралла нийсайаздаран гIалат дан тарлун меттигах кхетар санна; ша хIоттийна а, схьакховдийна а тексташ таллarехь таллам а, ша шена таллам а (карладаккхар а, нийсайаздаран керлачу коьчалехь пайдаэцар а).

Нийсайаздаран (орфографин) дошамах, дешан нийсайаздар къастош (нисдеш), пайдаэцар.

Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: дешхьалхенийн цхьаьна а, къаьстина а йазйар; хуттургаш йоцуш а, хуттургашца а цхьаьнатоьхначу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.

Шина цхьалхечу предложенех латтачу чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш (тергам).

**Къамел кхиор**

Барта а, йозанан а тIекеренан хьелаш (кехат, декъалваран открытка, дIакхайкхор (объявлени), и.д.кх.); диалог; монолог; текстан цIарехь текстан тема йа коьрта ойла гайтар.

Йозанан къамелан нийса хилар, хьал долуш хилар, исбаьхьалла а тидаме а оьцуш, тексташ (йелларш а, шен а) нисйар.

Схьайийцар, дIайазйар (текстан барта а, йозанан кепехь а ма-йарра схьайийцар, текстан барта хоржуш схьайийцар).

Сочинени йозанан белхан тайпа санна.

Талламан, йовзийтаран йешар. Текстехь гучу кепехь балийна хаам лахар. Текстехь болчу хааман буха тIехь цхьалхачу жамIийн кепаш йалор. Текстехь болчу хааман интерпретаци а, жамIдар а.

**Йуьхьанцарчу йуккъерчу дешаран т1ег1анехь «ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан программа карайерзоран кхочушдан лору жам1аш**

**Личностни жам1аш**

Йуьхьанцарчу школехь «Ненан (нохчийн) мотт» предмет Iаморан жамIехь кхетош-кхиоран гIуллакхдаран коьрта некъаш кхочушдечу хенахь дешархочун кхоллалур ду хIара **личностни** жамIаш:

**гражданско-патриотически кхетош-кхиоран:**

- шен Даймахкаца мехалаллин йукъаметтиг кхоллайалар, цу йукъахь республикин истори а, культура а гойту, ненан мотт Iаморехула а;
- шен этнокультурин а, россин а граждански идентичностах кхетар, Нохчийн Республикин пачхьалкхан маттах санна, ненан (нохчийн) меттан маьIналлех кхетар;
- шен мехкан а, даймехкан а дIадаханчун, таханенан, хиндолчун декъахь хилар, цу йукъахь исбаьхьаллин говзаршца болх барехь, хьелаш дийцаре дарехула а;
- шен а, кхечу а халкъашка ларам, цу йукъахь исбаьхьаллин говзаршкара масалийн буха тIехь кхуллуш берг а;
- йукъараллин декъашхочух санна, адамах болу дуьххьарлера кхетам, адаман бакъонех а, жоьпаллех а, ларамах а, адаман сийлаллех а, леларан гIиллакх-оьздангаллин норманех а, адамашна йукъарчу йукъаметтигийн бакъонех а, цу йукъахь исбаьхьаллин говзаршкахь гайтинарш а;

**син-оьздангаллин кхетош-кхиоран:**

- шен дахарехь а, йешарехь а зеделлачунна тIе а тевжаш, хIора адаман индивидуальность ларар;
- догъэцар а, ларам а, диканиг лаар а гучудаккхар, царна йукъахь шегара хьал а, синхаамаш а бовзийтархьама, нийса меттан гIирсах пайдаэцар а;
- кхечу адамашна куьйган (физически) а, моральни (оьздангаллин) а зен дарна тIехьажийнчу леларан муьлхха а кепаш цайезар (пайдаэца цатарлучу меттан гIирсех йоьзнарш а цхьаьна);

**эстетикин кхетош-кхиоран:**

- исбаьхьаллин культурица ларамe йукъаметтиг а, шовкъ а, искусствaн тайпанашна а, шен а, кхечу а халкъийн ламасташна а, кхоллараллина а экамалла;
- исбаьхьаллин гIуллакхдаран тайп-тайпанчу кепашкахь ша гайта гIертар, меттан говзаллехь а цхьаьна; тIекеренан а, ша гайтаран а гIирсах санна, ненан меттан мехалаллех кхетар;

**физически кхетош-кхиоран, могашаллин культура а, эмоцин хьал а кхолларан:**

- меттан дешаран процессехь кхин тIе (тIетоьхна) хаам лохуш, гонахехь (цу йуккъехь хаамийн а) могашаллин а, кхерамзаллин (шена а, кхечу адамашна а) а дахаран кепан бакъонаш ларйар;
- къамелехь ша гайта тарлун некъаш харжарехь а, къамелан этикетан а, тIекеренан бакъонийн а норманаш ларйарехь а гучудолу дегIан а, синIаткъаман а могашаллин тIалам бар;

**къинхьегаман кхетош-кхиоран:**

- адаман а, йукъараллин а дахарехь къинхьегаман маьIнах кхетар, къинхьегаман жамIаш жоьпаллин хьаште хьажор а, лардаран йукъаметтигаш а, къинхьегаман гIуллакхдаран тайп-тайпанчу кепашкахь дакъалацаран говзаллаш, исбаьхьаллин говзаршкара масалш дийцаре деш, тайп-тайпанчу корматаллашка кхоллалун шовкъ;

**экологин кхетош-кхиоран:**

- текстаашца болх баран процессехь кхуллу Iалам Iалашдаран йукъаметтиг;
- цунна зен ден дараш цадезар;

**Iилманан хаарийн мехаллаш:**

- дуьненан Iилманехула долчу суьртах йуьхьанцара кхетамаш (цу йукъахь меттан системех, дийнна дуьненан Iилманехула долчу суьртан цхьана декъах санна, йуьхьанцара кхетамаш);
- довзаран хьашташ, жигаралла, дIадолорна тIера хилар, довзарехь хаа лаар а, шен лаамалла а, цуьнца цхьаьна ненан (нохчийн) мотт Iаморехь бовзаран хьашто а, и бовзарехь жигаралла а, шен лаамалла а.

**Метапредметни жам1аш**

Йуьхьанцарчу школехь «Ненан (нохчийн мотт)» предмет Iаморан жамIехь дешархочун кхоллалур ду хIара дешаран универсальни **довзаран** дараш.

**Коьрта маьIнийн дараш:**

- тайп-тайпана меттан дакъош дуста (аьзнаш, дешнаш, предложенеш, тексташ), меттан дакъош дустархьама баххаш билгалдаха (къамелан дакъа хилар, грамматикин билгало, лексикин маьIна, и.д.кх.);
- меттан дакъойн тераллаш къасто;
- къастийнчу билгалонца объекташ (меттан дакъош) цхьаьнатоха;
- меттан дакъойн (аьзнийн, къамелан дакъойн, предложенийн, текстийн) классификаци йархьама ладаме билгало къасто; меттан дакъошна классификаци йан;
- хьехархочо йеллачу тергаман алгоритмаца меттан коьчалехь закономерносташ а, бIостаналла а каро (схьалаха); меттан дакъошца болх беш, дарийн алгоритмана анализ йан, меттан дакъойн анализ йарехь ша дешаран (Iамаран) гIуллакхаш къасто;
- билгалйинчу алгоритман буха тIехь дешаран а, практикин а хьесап кхочушдан оьшучу хааман тоаме цахилар гучудаккха, кхин тIе оьшучу хааман хьашт кепе дало;
- меттан коьчална тIехь тергамбаран хьелашкахь бахьанийн-тIаьхьалонийн уьйраш билгалйаха, жамIаш дан.

**Коьрта талламан дараш:**

- хьехархочун гIоьнца Iалашо кепе йало, меттан объектан, къамелан хьолан хийцамийн план хIотто;
- тIедиллар кхочушдаран масех кеп йуста, уггар йогIуш йерг харжа (йалийнчу критерийн буха тIехь);
- схьакховдийнчу планаца чолхе боцу лингвистикин мини-таллам дIабахьа, схьакховдийнчу планаца проектан тIедиллар кхочушдан;
- жамIаш кепе дало а, меттан коьчална тIехь бинчу тергаман (классификацин, дустаран, талламан) жамIийн буха тIехь уьш тешаллашца тIечIагIдан а; билгалйинчу меттан коьчалан анализан процессехь хьехархочун гIоьнца хаттарийн кепаш йало;
- процессийн а, хиламийн а, церан тIаьхьалонийн а и санначу йа терачу хьелашкахь хила тарлучу кхиаран прогноз йан.

**Хаамца болх бар:**

- хаам схьаэцаран хьоста харжа: боьху хаам схьаэцархьама, нисбархьама оьшу дошам;

- билгалдинчу хьостанехь (дошам тӀехь, справочник тӀехь) йеллачу алгоритмаца гучу кепахь балийна болу хаам схьалаха (каро);
- шенна йа хьехархочо и талла (дошамашна, справочникашна, Ӏаматашна тӀе о хьожуш) схьакховдийначу некъаца бакъ болу а, бакъ боцу а хаам бовза;
- Интернет машанехь хаам (дешан йаздарх, аларх, дешан маьӀнах, дешан схьадаларх, дешан синонимех) лохуш, баккхийчеран (хьехаран белхахойн, дайн-нанойн, законехь векалш болчеран) гӀоьнца информационни кхерамзаллин бакъонаш ларйан;
- дешаран хьесапе хаьжжина, анализ йан а, кхолла а текстан, видеон-, графикин, озан хаам;
- 
- таблицийн, схемийн кепахь билгалбинчу лингвистикин хаамах кхета; лингвистикин хаам бовзийтархьама ша схемаш, таблицаш кхолла.

Йуьхьанцарчу школехь «Ненан (нохчийн) мотт» предмет Ӏаморан жамӀехь дешархочун кхоллалур ду хӀара дешаран универсальни **коммуникативни** дараш.

**ТӀекере:**

- хетарг тӀеэца а, кепе дало а, бевзачарна йукъахь Ӏалашонашца а, тӀекеренан хьелашца а цхьаьнайогӀу эмоцеш гайта а;
- къамелхочуьнца лараме йукъаметтиг лело, диалог а, дискусси а дӀайахьаран бакъонаш ларйан;
- хетарг тайп-тайпана хила тарлуш хиларх кхета;
- оьзда а, аргументаш йалош а шена хетарг дӀаала;
- хӀоттийнчу хьесапе хьаьжжина, къамелан алар хӀотто;
- къамелан хьоле хьаьжжина, барта а, йозанан кепахь а тексташ (суртхӀоттор, ойлайар, дийцар) кхолла;
- тергаман, мини-талламан, проектан тӀедахкарийн жамӀех а, шимма цхьаьна а, тобанашца а бинчу белхан жамӀех а нахана гуш-хезаш дӀадийца доцца къамел дар кечдан;
- къамел даран (выступленин) текстана иллюстрацин коьчал (дехкина суьрташ, даьхна суьрташ (фото), плакаташ) харжа.

Йуьхьанцарчу школехь Ӏаморан чаккхенгахь «Нохчийн мотт» предмет Ӏаморан жамӀехь дешархочун кхуьур ду хӀара дешаран универсальни **регулятивни** дараш.

**Самоорганизаци:**

- жамӀе кхачархьама, дешаран хьесап кхочушдарехула дарийн план хӀотто;
- хьаьржинчу дарийн хьалх-тӀаьхьалла (рогӀалла) хӀотто.

**Самоконтроль:**

- дешаран гӀуллакхдаран кхиаман/аьтто цабаларан бахьанаш къасто;
- къамелан а, нийсайаздаран а гӀалаташ иэшорхьама, шен дешаран дараш нисдан;
- меттан дакъойх пайдаэцархьама, къасторхьама, характеристика йархьама хӀоттийнчу дешаран (Ӏаморан) хьесапца гӀуллакхдаран жамӀ цхьаьнадало;
- маттехула йолчу коьчалца болх беш дина гӀалат схьалаха, нийсайаздаран(орфографин) а, пунктуацин а гӀалат схьалаха (каро);
- одноклассникийн гӀуллакхдаран а, шен гӀуллакхдаран а жамӀаш дуста, йалийнчу критерешца церан нийса (объективно) мах хадо.

**Цхьаьна гӀуллакхдар:**

- хьехархочо йеллачу планированин кепан, йукъан гӀулчийн а, хенийн а дӀанисйаран буха тӀехь, стандартни (типовой) хьолехь, йоццачу хенан а, йеххачу хенан а Ӏалошонаш (йукъара хьесапашкахь дакъалацар тидаме о оьцуш, индивидуальни) кепе йало;
- цхьаьна гӀуллакхдаран Ӏалашо тӀеэца, цуьнга кхачаран дараш цхьаьна хӀитто: ролаш дӀасайекъа, бартбан, цхьаьна бечу белхан процесс а, жамӀаш а дийцаре дан;
- куьйгалла дан, тӀедиллинарг кхочушдан, аьллачун тӀехь хила а кийча хилар гайта;
- белхан шен дакъа жоьпаллица кхочушдан;
- йукъарчу жамӀехь ша лаьцначу декъан мах хадо;

- йеллачу (схьакховдийнчу) кепашна тIе а тевжаш, цхьаьна ден проектан тIедахкарш кхочушдан.

**Предметан жам1аш**

1-4 классашкахь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Iаморо аьтто бо:

- адамийн тIекеренан коьртачу гIирсах санна нохчийн маттах кхета, нохчийн мотт нохчийн халкъан синъоьздангаллин коьрта мехалла санна тIеэца;
- халкъан ламасташ а, культура а карайерзорехь а, чIагIйарехь а нохчийн меттан маьIнах кхета;
- ненан мотт бовзаран шовкъ а, и Iамо лаам а гайта;
- Россин Федерацин меттан а, культурин а цхьааллин а, тайп-тайпаналлин а шортенах, Россин халкъийн кхечу меттанашна йукъахь нохчийн меттан меттигах а йуьхьанцара кхетамаш кхолла;
- нохчийн меттан фонетикех, лексикех, грамматикех, орфографех, пунктуацех йуьхьанцара хаамаш кхолла;
- къамелан гIуллакхдарехь карадерзийнчу хаарех пайдаэца хаар кхолла, къамелехь Iамийнчу лексикех пайдаэца, карайерзийнчу лексикех а, маттах долчу хаарех а пайда а оьцуш, барта аларш хIитто;
- къамелан этикетехула Iамийнчу кепех пайда а оьцуш, къамелан тIекеренехь дакъалаца;
- нохчийн маттахь къамелан гIуллакхдаран массо а тайпанаш (ладогIар, къамел дар, йешар, йоза) вовшахтоха а, кхио а, билгалйинчу темехула даккхий доцу дийцарш хIитто хаар кхолла.

**Классашкахула предметан жам1аш**

**1 класс**

Дешархо Iемар ву:

- дош а, предложени а йовза (къасто); предложенешкара дешнаш схьакъасто;
- суьртийн а, схемийн а гIоьнца къамел маьIнин дакъошка (предложенешка) декъа;
- къамелехь нохчийн меттан гIиллакхе дешнех пайдаэца (маршалла хаттар– Iуьйре дика хуьлда! Суьйре дика хуьлда! Де дика хуьлда! Iодика йар – Iодика йойла! благодарность – Дела реза хуьлда! Баркалла! ...).
- нохчийн алфавитан оьрсийн алфавитаца йолу башхалла къасто;
- мукъа а, мукъаза а аьзнаш довза (къасто);
- зевне а, къора а мукъазнаш довза (къасто);
- «аз» а, «элп» а кхетамаш бовза (къасто);
- цхьана йа масех озаца къаьсташ долу дешнаш дуьхь-дуьхьал хIиттор: *лом, лам, кхор, кор, лу, ло*;
- *ккх, тт, лл, и.д.кх*. шала мукъазнаш деха цхьа аз санна схьаала;
- схемина тIе а тевжаш, къамелан аьзнашна характеристика йан;
- Iамош долу нохчийн меттан аьзнаш оьрсийн меттан аьзнашца дуста (соотносить);
- дашехь дешдакъойн барам билгалбаккха (къасто); дешнаш дешдакъошка декъа (атта дешнаш: мукъазчеран цхьаьнакхетарш доцу дешнаш);
- нохчийн абатан (алфавитан) элпийн цIераш нийса йаха; нохчийн абатан (алфавитан) элпийн рогIаллех долчу хаарех, кIеззигчу дешнийн къепйоза нисдеш, пайдаэца;
- талхор доцучу цIена къаьстачу хотIаца даккхий а, могIанан а элпаш, элпийн, дешнийн цхьаьнатохарш йаздан;
- Iамийнчу нийсайаздаран бакъонех пайдаэца: нохчийн меттан шатайпанчу элпийн *(аь, оь, уь, юь, яь, гI, кI, къ, кх, пI, тI, хI, хь, цI, чI, I)* йаздар. *щ, ь, ы, ф, ё, е* элпашца долчу дешнийн йаздар;

- *е, ё, ю, я, й* элпийн гӀуллакх (функциш) къастор;
- предложенехь дешнийн къаьстина йаздар; предложенин чакхенгахь сацаран хьаьркаш: тӀадам, хаттаран а, айдаран а хьаьркаш; предложенин йуьххьехь а, долахь цӀерашкахь (цӀерашкахь, фамилешкахь, дийнатийн цӀерашкахь) а доккха элп; дош дешдакъошца (атта меттигаш: кху кепарчу дешдакъойх лаьтта дешнаш «мукъаза + мукъа») сехьадаккхар;
- дешнаш а, предложенеш а, 25 дашал сов барам боцу тексташ а нийса схьайазйан (йукъахдитарш а доцуш, элпаш а ца талхош);
- нийсайаздар аларца ца къаьсташ долу дешнаш а, 3-5 дашах лаьтта предложенеш а, 20 дашал

  сов барам боцу тексташ а олуш дӀайазйан (йукъахдитарш а доцуш, элпаш а ца талхош);
- элпийн боцу графикин гӀирсийн гӀуллакхах кхетар: дешнашна йукъарчу кӀайдарган, сехьадаккхаран хьаьркан;
- Ӏамийнчу бакъонашна долу гӀалаташ, опискаш каро (схьалаха) а, нисйан а;
- йешначу текстах кхета;
- интонаци (иэшар) а, предложенин чаккхенгара сацаран хьаьркашца йогӀу соцунгӀаш а ларйеш, йоца тексташ хозуьйтуш а, дагахь а йеша (кхета а кхеташ);
- текстехь, маьӀна нисдан оьшу дешнаш схьалаха;
- дешнийн кепийн гуламах предложени хӀотто;
- кеп йохийна предложенеш меттахӀитто;
- предложенин схемаш йеша, предложени а, цуьнан схема а йуста (соотносить), схемица а, билгалдинчу дешнашца а предложенеш хӀитто;
- сюжетан суьрташкахула а, тергамашкахула а барта 3-5 предложенех лаьтта текст хӀотто;
- нохчийн маттехула йолчу тексташкахь оьрсийн маттара тӀеэцна дешнаш довза;
- дешаран хьесапаш кхочушдеш, Ӏамийнчу кхетамех пайдаэца.

**2 класс**

Дешархо Ӏемар ву:

- тӀекеренан коьрта гӀирс санна, мотт тӀеэца;
- тергамах а, анализах а мотт бовзаран некъах санна пайдаэца;
- дашехь дешдакъойн барам билгалбаккха (къасто) (мукъазчеран цхьаьнакхетарш долчу дешнашкахь а цхьаьна); дош дешдакъошка декъа;
- *е, ё, ю, я* элпийн гӀуллакх тидаме а оьцуш, аьзнийн а, элпийн а хӀоттаман цхьаьнабар къасто;
- цхьанаораман дешнаш лаха (каро);
- дашехь орам билгалбаккха (атта меттигаш);
- текстехь дукха маьӀнийн дешнех пайдаэцна меттигаш гучуйаха а, церан маьӀнех кхета а, дешаран дошамашкахула маьӀна нисдан а; синонимех а, антонимех (кхетамийн цӀераш а ца йохуш) пайдаэцна меттигаш гучуйаха;
- долахь а, йукъара а цӀердешнаш боху кхетамаш къасто (определять);
- *«мила?», «хӀун?»* бохучу хаттаршна жоп лун дешнаш довза;
- *«хӀун до?», «хӀун дина?», «хӀун дийр ду?»* бохучу хаттаршна жоп лун дешнаш довза;
- *«муха?», «хьенан?», «стенан?»* бохучу хаттаршна жоп лун дешнаш довза;
- Ӏаларан Ӏалашоне, эмоцин иэшаре хьаьжжина, предложенин тайпа къасто;
- Ӏамийнчу нийсайаздаран бакъонех пайдаэца, царна йукъахь: адамийн цӀерашкахь, дайн цӀерашкахь, фамилешкахь, дийнатийн цӀерашкахь, меттигийн цӀерашкахь доккха элп; дештӀаьхенийн цӀердешнашца къаьстина йазйар;
- дешнаш а, предложенеш а, 45 дашал сов барам боцу тексташ а нийса схьайазйан

(йукъахдитарш а доцуш, элпаш а ца талхош);

- Iамийна нийсайаздаран бакъонаш тидаме а оьцуш, дешнаш, предложенеш, 40 дашал сов барам боцу тексташ а олуш дIайазйан (йукъахдитарш а доцуш, элпаш а ца талхош);
- опискаш, Iамийнчу бакъонашна долу гIалаташ схьалаха а, нисдан а;
- Iаматан дошамех пайдаэца;
- нийсааларан (орфоэпин) норманаш, нийса интонаци (эшар) лар а йеш, барта диалоган а, монологан а аларш (билгалйинчу темина, тергамийн бух тIехь 2-4 предложени) хIитто;

- суьртан репродукцихула барта дийцар хIотто;
- йешначун (хезначун) буха тIехь барта а, йозанан кепахь а (1-2 предложени) цхьалхечу жамIийн кеп кхолла;
- хаттаршца царна йукъара маьIнийн уьйр а къастош, дешнех предложенеш хIитто;
- декъалдарийн билгалдинчу масалийн анализ дIайахьарехь декъалваран жанран башхаллаш йийцаре йан, текстийн-декъалдарийн хIоттаман анализ йан;
- текстан тема билгалйаккха а, текстана цуьнан тема гойту цIе тилла а;
- уьйр йоцчу предложенех, текстан дакъойх текст хIотто;
- хаттаршна тIе а тевжаш, 30-45 дешнийн барамехь дийцаран текстан ма-йарра схьайийцар дIайаздан;
- шен дешнашца Iамийнчу кхетамийн маьIнех кхето; Iамийнчу кхетамех пайдаэца.

**3 класс**

Дешархо Iемар ву:

- къоман тIекеренан мотт санна нохчийн меттан маьIнах кхето;
- лингвистикин экспериментах мотт бовзаран некъах санна пайдаэца;
- билгалйинчу параметрашца дашехь а, дашехь доцуш а аьзнийн характеристика йан, дустар кхочушдан, классификаци йан.
- дешан аьзнийн-элпийн анализ йан (транскрипци ца йеш);
- цхьанаораман дешнаш а, цхьана дешан кепаш а къасто; цхьанаораман дешнаш а, синонимаш а къасто;
- билггал къасталучу морфемашца долчу дешнашкахь чаккхе, орам, дешхьалхе, суффикс схьалаха (каро);
- синонимех а, антонимех а пайдаэцна меттигаш гучуйаха; тайп-тайпанчу къамелан дакъойн дешнашна синонимаш а, антонимаш а йало;
- нийсачу а, тIедеанчу а маьIнехь далийна дешнаш (атта дешнаш) довза;
- текстехь дешан маьIна къасто;
- къамелехь а, йозанехь а *-р, -хо, -ча* суффиксашца долчу дешнех пайдаэца;
- хьастаран-жимдаран суффиксийн гIоьнца дешнаш кхолла *(цIа-цIелиг, кема-кемалг…);*
- цIердешнаш довза; цIердешнийн грамматикин билгалонаш къасто: класс, терахь, дожар;
- билгалдешнаш довза; билгалдешнийн грамматикин билгалонаш къасто: класс, терахь, дожар;
- лааме а, лаамаза а билгалдешнаш къасто;
- цхьаллин йа дукхаллин терахьан бен кеп йоцу цIердешнаш къасто (довза);
- хандешнаш довза; *«хIун дан?»* бохучу хаттарна жоп лун хандешнаш къасто; хандешнийн хан билгалйаккха;
- йаххьийн цIерметдешнаш (йуьхьанцарчу кепехь) довза; йаххьийн цIерметдешнех, текстехь ца оьшу йух-йуха аларш дIадахархьама, пайдаэца;

- дештIаьхьенаш а, дешхьалхенаш а къасто;
- аларан Iалашоне а, эмоцин иэшаре а хьаьжжина, предложенин тайпа къасто;
- предложенин коьрта а, коьртаза (тайпанашка а ца йоькъуш) меженаш лаха;
- йаьржина а, йаьржаза а предложенеш йовза;
- дешнаш, предложенеш, 60 дашал сов барам боцу тексташ нийса схьайазйан;
- Iамийна нийсайаздаран бакъонаш тидаме а оьцуш, 55 дашал сов барам боцу тексташ олуш дIайазйан;

- опискаш а, Iамийнчу бакъонашна долу гIалаташ а лаха, нисдан;
- тайп-тайпанчу тайпанийн текстех кхета, текстехь балийна (белла) хаам схьалаха;
- бешначу (хезначу) хааман буха тIехь барта а, йозанехь а (1-2 предложени) цхьалхечу жамIийн кеп кхолла;
- нийсааларан (орфоэпин) норманаш, нийса интонаци (иэшар) лар а йеш, барта диалоган а, монологан а аларш (билгалйинчу темина, тергамийн буха тIехь 3-5 предложенех) хIитто; къамелан этикетан норманех пайда а оьцуш, шайца кхайкхар, дехар, бехк цабиллар, баркалла алар, духатохар долу йаккхий йоцу барта а, йозанан а тексташ (2-4 предложени) кхолла;
- текстехь предложенийн уьйр къасто (***а*** хуттурган гIоьнца);
- текстехь коьрта дешнаш къасто;
- текстан тема а, текстан коьрта ойла а билгалйаккха;
- текстан дакъош (абзацаш) билгалдаха а, коьртачу дешнийн йа предложенийн гIоьнца церан маьIнийн чулацам гайта а;
- текстан план хIотто, цунна тIоьхула текст кхолла а, текст нисйан а;
- йеллачу, массара цхьаьна йа ша хIоттийнчу планаца ма-дарра схьадийцар дIайаздан;
- шен дешнашца Iамийнчу кхетамийн маьIнех кхето; Iамийнчу кхетамех пайдаэца;
- дошаман гIоьнца дешан маьIна нисдан;
- мини-таллам дIабахьа, проектан гIуллакхдарехь дакъалаца.

**4 класс**

Дешархо Iемар ву:

- Россин Федерацин махкахь меттан а, культурин а тайп-тайпаналлех кхета, мотт халкъан син-оьздангаллин коьртачу мехаллех цхьаъ хилар тIеэца;
- тIекеренан коьртачу гIирсах санна, меттан маьIнах кхета; Нохчийн республикин пачхьалкхан а, къоман тIекеренан а мотт санна, нохчийн меттан меттигах кхета;
- нийса барта а, йозанан а къамел адаман оьздангаллин йукъара гайтам санна тIеэца;
- деллачу дешнашна синонимаш йало; деллачу дешнашна антонимаш йало;
- къамелехь маьIна нисдан оьшу дешнаш гучудаха, контекстехула дешан маьIна къасто;
- атта схьакъасталучу морфемашца долчу дешнийн хIоттамехула таллам бан; дешан хIоттаман схема хIотто; дешан хIоттам йеллачу схемица цхьаьнабало;
- карайерзийнчу грамматикин билгалонийн комплексца (Iамийнчун барамехь), дош билггалчу къамелан декъан хилар къасто;
- цIердешнийн грамматикин билгалонаш къасто: легар, класс, терахь, дожар;
- билгалдешнийн грамматикин билгалонаш къасто: терахь, дожар, кеп (*лааме, лаамаза*);
- билгалдешнаш дожарца лего;
- терахьдешнаш довза а, царах пайдаэца а, масаллин а, рогIаллин а терахьдешнаш къасто;
- хандешан билгалза кеп къасто (схьалаха); хандешан хан къасто;
- йуьхьан цIерметдешан йуьхьанцарчу кепан грамматикин билгалонаш къасто: йуьхь, терахь;

йаххьийн цIерметдешнех, текстехь ца оьшу йух-йуха аларш дIадахархьама, пайдаэца;

- дош, дешнийн цхьаьнакхетар, предложени къасто (йовза);
- аларан Iалашоне а, эмоцин иэшаре а хьаьжжина а, предложенийн классификаци йан;
- йаьржина а, йаьржаза а предложенеш йовза;
- цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш йовза; цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш хIитто; цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенех къамелехь пайдаэца;
- цхьалхе йаьржина предложенеш а, шина цхьалхечу предложенех лаьтта чолхе предложенеш

  а дIасакъасто; цхьалхечу предложенина синтаксисан таллам бан;
- Iамийнчу нийсайаздаран бакъонех пайдаэца, царна йукъахь: долахь цIерашкахь доккха элп; йукъарчу цIерашкахь а, кхечу къамелан дакъошкахь а (нохчийн меттан дешнашкахь) *я, яь, ю, юь, е (ё)* элпаш; тIеэцначу (йукъарчу) дешнашкахь а, кхечу къамелан дакъошкахь а *я, ю, е (ё)* элпаш; долахь цIерашкахь *я, яь, ю, юь, е (ё)*, тIеэцначу (долахь цIерашкахь) *я, ю, е (ё)* элпаш; мукъаза элпаш *(къ, кI, кх, гI и т.д.)*; *-эв,-аьв,-ев* йаздаран бакъонаш; оьрсийн маттера а, оьрсийн маттехула а тIеэцначу дешнашкахь *щ, ь, ы, ф* элпаш йаздар; мукъа аьзнаш [*и*], [*уь*] деха хилар гойтуш, *й* элп йаздар; йеха а, йоца дифтонгаш *иэ, уо*; чаккхенгахь *-г, -к* элпаш долчу цIердешнашкахь ***а*** и ***и*** элпаш; дешан чаккхенгахь шала мукъаза элпаш; нохчийн меттан шалха мукъаза элпаш; дешан чаккхенгахь ***н***; цIердешнашца а, йаххьийн цIерметдешнашца а дештIаьхьенийн къаьстина йазйар; *ца, ма* дакъалгийн хандешнашца къаьстина йаздар; *й, ъ, ь* долчу дешнийн сехьадаккхар; шала мукъазчу элпашца долчу дешнийн сехьадаккхар; шалхачу мукъазчу элпашца долчу дешнийн сехьадаккхар; дукхаллин терахьан цIердешнийн чаккхенаш; дешхьалхенийн цхьаьна а, къаьстина а *(ца, ма, а)* йазйар; *а* хуттурго а, хуттургаш йоцуш а цхьаьнатоьхначу цхьанатайпанара меженашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш; шина цхьалхечу предложенех лаьттачу чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш;
- 80 дашал сов барам боцу teксташ нийса схьайазйан;
- Iамийна нийсайаздаран бакъонаш тидаме а оьцуш, 75 дашал сов барам боцу teксташ олуш дIайазйан;
- опискаш, Iамийнчу бакъонашна орфографин а, пунктуацин а гIалаташ схьалаха а, нисдан а;
- тIекеренан хьолах кхета (муьлхачу Iалашонца, хьаьнца, мичахь хуьлуш йу тIекере); тIекеренан хьолахь нийса (адекватни) меттан гIирсаш харжа;
- нийса интонаци, къамелан зIе хиларан норманаш, орфоэпин норманаш ларйеш, барта диалоган а, монологан а аларш (4-6 предложени) хIитто;
- барта а, йозанан кепахь (йозанан тIекеренан билгалчу хьолана лерина (кехаташ, декъалваран открыткаш, дIакхайкхорш (объявленеш), и.д.кх.) а, йаккхий йоцу teксташ (3-5 предложенех) кхолла;
- текстан тема а, коьрта ойла а къасто; темина йа коьртачу ойланна тIе а тевжаш, текстана ша цIе тилла;
- предложенийн а, текстан дакъойн а къеп нисйан;
- йеллачу тексташна план хIотто;
- текст ма-йарра схьайийцар кхочушдан (барта а, йозанан кепахь а);
- текст хоржуш (йукъ-йукъара) схьайийцар кхочушдан (барта);
- билгалйинчу теманашца сочиненеш йазйан (хьалхxе кечам биначул тIаьхьа);
- довзийтаран, талламан йешар, хаам лахар кхочушдан; бешначу (хезначу) хааман буха тIехь барта а, йозанан кепехь а цхьалхечу жамIийн кепаш йало; текстехь йолчу хааман интерпретаци йан а, жамIаш дан а;
- шен дешнашца Iамийнчу кхетамийн маьIна даста; Iамийнчу кхетамех пайдаэца;
- дошаман (кехатан а, электронан а носитель тIехь) гIоьнца, тIаьхьа хьожучу чуваларан хьелашкахь Интернет чохь дешан маьIна нисдан.

**Нохчийн тематикан планировани**
**1 класс**

| № п/п | Программин дакъойн а, темийн а цIераш | Сахьтийн барам | | | Электронни дешаран ресурс. |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Разделан сахьташ | Талламан белхаш | Кхоллараллин белхаш | |
| 1.1 | **Абатал хьалхара мур** | **8** | **0** | **0** | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham/ |
| **Дерриге:** | | **8** | **0** | **0** | |
| 2.1. | **Деша а, яздан а 1амош болу абатал мур** | **78** | **0** | **0** | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru/<br>ps95.ru/dikdosham/ |
| **Дерриге:** | | **78** | **0** | **0** | |
| 3.1. | **Деша а, йаздан а 1амош болу абатал т1аьхьара мур** | **12** | **1** | **0** | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru/<br>ps95.ru/dikdosham/ |
| **Дерриге:** | | **12** | **1** | **0** | |
| **Программица сахьтийн барам** | | **99** | **0** | **0** | |

**Нохчийн меттан тематикин планировани**
**2 класс**

| № п/п | Программин дакъойн а, темийн а цIераш | Сахьтийн барам | | | Электронни дешаран ресурс |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Декъан сахьташ | Талламан белхаш | Кхоллара ллин белхаш | |
| | **Дакъа 1. Маттах лаьцна йукъара хаамаш** | | | | |
| 1.1 | Мотт адамийн тIекеренан коьрта гIирс а, къоман культурин хилам а санна. | 1 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |
| 1.2 | Россин а, дуьненан а меттан шортенан тайп-тайпаналлех йуьхьанцара кхетамаш. Мотт бовзаран некъаш: тергам, анализ. | 1 | 0 | 0 | desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |
| **Декъехула дерриг сахьташ** | | **2** | **0** | **0** | |
| **Дакъа 2. Фонетика, графика, орфоэпии** | | | | | |
| 2.1. | Аьзнийн маьIна къасторан гIуллакх; аьзнаш а, элпаш а; зевне, къора мукъаза аьзнаш довзар | 2 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| 2.2 | Озан башхаллин характеристика: мукъа – мукъаза; зевне – къора мукъазнаш | 2 | 0 | 0 | desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |
| 2.3 | Нохчийн меттан ша-тайпа мукъа фонемаш (аь – аь, оь – оь, уь – уьй) а, уьш элпашца билгалйар а (аь, оь, уь, яь, юь). Я, яь, ю, юь, е(ё) элпашца дешнаш. | 1 | 0 | 0 | desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |
| 2.4 | Э, е элпашца дешнаш. Деха а, доца а мукъанаш. Й элпаца долу дешнаш. | 1 | 0 | 0 | ps95.ru/dikdosham/ |
| 2.5 | Нохчийн меттан ша-тайпа мукъаза фонемаш *(гI, кI, къ, кх, пI, тI, хI, хь, цI, чI, I)* а, уьш элпашца билгалйар а. *Щ, ь, ы, ф* элпашца долу дешнаш. | 2 | 0 | 0 | desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 2.6 | Шеконца *[оьв], [ой], [эв]* хеза дешнаш нийсайаздар | 1 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |
| 2.7 | Дешнаш дешдакъошка декъар (мукъаза элпийн цхьаьнакхетарш дерш а цхьаьна). | 2 | 0 | 0 | ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| 2.8 | Дошамашца болх беш алфавитах болчу кхетамах пайдаэцар.<br>Элпийн боцу графикин гӀирсаш: дешнашна йуккъехь кӀайдарг, сехьадаккхаран хьаьрк, абзац (цӀен могӀа), сацаран хьаьркаш (Ӏамийнчун барамехь). | 3 | 0 | 1 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| **Декъехула дерриг сахьташ** | | **13** | **0** | **0** | |
| **Дакъа 3. Лексика** | | | | | |
| 3.1. | Дош декаран а, маьӀнин а цхьаалла санна. Дешан лексикин маьӀна (йукъара кхетам). | 3 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |
| 3.2 | Текстехула дешан маьӀна билгалдаккхар йа дошаман гӀоьнца маьӀна нисдар. | 3 | 0 | 0.5 | www. urok95/ru. |
| 3.3 | ЦхьанамаьӀнийн а, дукхамаьӀнийн а дешнаш (атта дешнаш, тергам). | 3 | 0 | 0 | www. desharkho.ru |
| 3.4 | Къамелехь синонимех а, антонимех а пайдаэцарна тӀехь тергам. | 3 | 1 | 0 | ps95.ru/dikdosham/ |
| **Декъехула дерриг сахьташ** | | **12** | **0** | **0** | |
| **Дакъа 4. Дешан хӀоттам (морфемика)** | | | | | |
| 4.1. | Орам дешан ца хилча ца долу дакъа санна | 1 | 0 | 0 | www. desharkho.ru |
| 4.2. | Цхьанаораман (гергарчу) дешнийн билгалонаш | 1 | 0 | 0 | www. urok95/ru. |
| 4.3 | Дешнашкахь орам къастор (аттачу меттигашкахь). | 1 | 0 | 0 | www. desharkho.ru |
| **Декъехула дерриг сахьташ** | | **3** | **0** | **0** | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Дакъа 5. Морфологи** | | | | | |
| 5.1 | ЦIердош (довзийтар): йукъара маьIна, хаттарш *(«мила?», «хIун?»)*, къамелехь пайдаэцар. | 2 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |
| 5.2 | Йукъара а, долахь а цIердешнаш (фамилеш, цIераш, дайн цIераш, дийнатийн цIераш, меттигийн цIераш). | 3 | 1 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |
| 5.3 | Хандош (довзийтар): йукъара маьIна, хаттарш *(«хIун до?», «хIун дина?», «хIун дийр ду?»)*, къамелехь пайдаэцар. | 3 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |
| 5.4 | Билгалдош. | 5 | 1 | 0 | www. desharkho.ru |
| 5.5 | ДештIаьхье.<br>Уггар йаьржина дештIаьхьенаш: *тIе, тIера, чу, чуьра, кIел*, и.д.кх. | 2 | 0 | 0 | www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **10** | **0** | **0** | |
| **Дакъа 6.** Синтаксис | | | | | |
| 6.1 | Предложени. Предложенехь дешнийн къепе; предложенехь дешнийн уьйр (карладаккхар). | 2 | 0 | 0 | www. desharkho.ru www. urok95/ru. |
| 6.2 | Аларан Iалашоне хьаьжжина, предложенийн тайпанаш: дийцаран, хаттаран, тIедожоран предложенеш. | 2 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |
| 6.3 | Синхаамийн иэшаре (эмоцин окраске) хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (интонацехула (иэшарехула): айдаран а, айдаран йоцу а предложенеш | 2 | 1 | | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **6** | **0** | **0** | |
| **Дакъа 7. Орфографи а, пунктуаци а** | | | | | |
| 7.1 | Морфологи лингвистикин дакъа санна Предложенин йуьххьехь а, долахь цIерашкахь а доккха элп (цIераш, фамилеш, дийнатийн цIераш); | 2 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 7.2 | Предложенин чаккхенгахь сацаран хьаьркаш; дош цхьана могIарера вукху могIаре сехьадаккхар (дешан морфемин декъадалар тидаме а ца оьцуш); | 2 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| 7.3 | Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: долахь цIерашкахь доккха элп: цIераш, фамилеш, дайн цIераш, дийнатийн цIераш, меттигийн цIераш; йукъарчу цIерашкахь а, кхечу къамелан дакъошкахь а (нохчийн меттан дешнашкахь ) *я, яь, ю, юь, е (ё)* элпийн нийсайаздар, тIеэцначу (йукъарчу) дешнашкахь *я, ю, е (ё)* элпийн нийсайаздар. | 6 | 1 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| 7.4 | ТIеэцначу дешнашкахь (долахь цIерашкахь) *я, ю, е (ё)* элпийн нийсайаздар. | 2 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ |
| 7.5 | Нохчийн меттан мукъазчу элпийн *(къ, кI, кх, гI, и.д.кх.)* нийсайаздар | 4 | 0 | 0 | www. urok95/ru. |
| 7.6 | Шеконца *[оьв], [ой], [эв]* хезачу дешнийн нийсайаздар *(-эв,-аьв,-ев)*; *щ, ь, ы, ф* элпашца долчу дешнийн нийсайаздар; | 4 | 0 | 0 | www. desharkho.ru |
| 7.7 | Деха мукъа *и, уь* хезачохь *й* элп йаздар; дештIаьхьенаш цIердешнашца къаьстина йазйар. | 4 | 0 | 0 | www. desharkho.ru |
| **Дерриг:** | | **22** | **0** | **0** | |
| **Дакъа 8. Къамел кхиор** | | | | | |
| 8.1 | Коммуникативни хьесап эвсараллица кхочушдархьама, барта тIекеренан Iалашонашца а, хьелашца а цхьаьнабогIу меттан гIирсаш харжар (деллачу хаттарна жоп далархьама, шена хетарг алархьама). Къамел дан хаар (дIадоло, къамелехь дакъалаца, къамел чекхдаккха, тидам тIеберзо, и. | 1 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| 8.2 | Къамелан диалоган кеп практикехь карайерзор. Дешаран а, Iер-дахаран а тIекеренан хьелашкахь къамелан этикетан норманаш а, орфоэпин (нийсааларан) норманаш а ларйар. | 4 | 1 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| 8.3 | Суьртан репродукцихула барта дийцар хIоттор. Ша бинчу тергамашкахула а, хаттаршкахула а барта дийцар хIоттор | 1 | 0 | 1 | www. urok95/ru. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 8.4 | Текст. Текстан билгалонаш: текстера предложенийн маьӀнийн цхьаалла; текстера предложенийн хьалх-тӀаьхьалла; текстехь кхочушхилла йаьлла ойла гайтар. | 1 | 0 | 0 | www. desharkho.ru |
| 8.5 | Текстийн тайпанаш: суртхӀоттор, дийцар, ойлайар, церан башхаллаш (йуьхьанцара довзийтар). | 3 | 0 | 0 | www. urok95/ru. |
| 8.6 | Текстийн тайпанаш: суртхӀоттор, дийцар, ойлайар, церан башхаллаш (йуьхьанцара довзийтар). Декъалдар а, декъалдаран открытка (диллина кехат) а. | 4 | 1 | 0.5 | www. desharkho.ru |
| 8.7 | Текстах кхетар: текстехь болчу хааман буха тӀехь цхьалха жамӀаш кепе далоран хаар кхиор. Нийсачу интонацица (иэшарца) текстан хозуьйтуш исбаьхьаллин йешар. Хаттаршна тӀе а тевжаш, 25-35 дешан барамехь йолу дийцаран текст ма-йарра схьайийцар. | 2 | 0 | 0 | www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **20** | | | |
| **Резервни хан** | | 10 | | | |
| **Программаин сахьтийн йукъара терахь** | | 102 | 10 | 3 | |

**Нохчийн меттан тематикин планировани**
**3 класс**

| №п/п | Программин дакъойн а, темийн а ц1ераш. | Сахьтийн барам | | | Электронни дешаран ресурс |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Декъан сахьта ш | Таллам ан белхаш | Кхолла раллин белхаш | |
| **Дакъа 1. 1амийнарг карладаккхар.** | | | | | |
| 1. | Къамел. Текст. Предложени. | 5 | 1 | | https://desharkho.ru/<br>www.urok95/ru |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Доларчу ц1ерашкахь доккха элп яздар. Цхьанаораман дешнаш. | | | | https://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/<br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |
| **Дерриг:** | | **5** | **1** | | |
| **Дакъа 2. Аьзнаш а, элпаш а.** | | | | | |
| 2. | Аз а,элп а вовшех муха къаьста? Аьзнаш а, элпаш а. Дош. Дешдакъа. Дош сехьадаккхар. Деха а, доца а мукъа аьзнаш. Шалхачу элпашца билгалдеш долу аьзнаш. Къасторан хьаьркаш. Доца шеконан мукъа аьзнаш.<br>Доца шеконан мукъа аьзнаш.<br>Дешан чаккхенгахь –Н яздар. | 13 | | 1 | https://desharkho.ru/<br>www.urok95/ru<br>https://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/<br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |
| **Дерриг:** | | **13** | | **1** | |
| **Дакъа 3. Предложени.** | | | | | |
| 3. | Дийцаран а, хаттаран а предложенеш. Айдаран предложени. Т1еч1аг1дар.<br>Подлежащи а, сказуеми а.<br>Предложениа, дешнийн цхьанакхетарш а. Текст. | 13 | 1 | 1 | https://desharkho.ru/<br>www.urok95/ru<br>https://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/<br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |
| **Дерриг:** | | **13** | **1** | **1** | |
| **Дакъа 4. Дешан х1оттам.** | | | | | |
| 4. | Орам. Орамехь шалха мукъаза элпаш яздар. Чаккхе. Дешан чаккхенга шала мукъаза элпаш яздар. Дешхьалхе. Дешхьалхе а, дешт1аьхье а. Суффикс. | 16 | 1 | 1 | https://desharkho.ru/<br>www.urok95/ru<br>https://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |
| **Дерриг:** | | **16** | **1** | **1** | |
| **Дакъа 5. Къамелан дакъош.** | | | | | |
| 5. | Къамелан дакъош. Ц1ердешнийн терахьаш. | 3 | | 1 | https://desharkho.ru/<br>www.urok95/ru |
| **Дерриг:** | | **3** | | **1** | |
| **Дакъа 6. Ц1ердош.** | | | | | |
| 6. | Ц1ердош. Доккхачу элпаца йазден ц1ердешнаш. Ц1ердешнийн терахьашца хийцадалар. Ц1ердешнийн классаш. Ц1ердешнийн дожаршца хийцадалар. (легар). Т1еч1аг1дар. | 11 | | | https://desharkho.ru/<br>www.urok95/ru<br>https://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/<br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |
| **Дерриг:** | | **11** | | | |
| **Дакъа 7. Билгалдош.** | | | | | |
| 7. | Билгалдош. Дуьхьал маь1на долу билгалдешнаш. Лааме а, лаамаза а билгалдешнаш. Билгалдош т1еч1аг1дар. | 7 | 1 | | https://desharkho.ru/<br>www.urok95/ru<br>https://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/<br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |
| **Дерриг:** | | **7** | **1** | | |
| **Дакъа 8. Хандош.** | | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 8. | Хандош. Хандешнийн хенашца хийцадалар. Хандешан билгалза кеп. Хандешнашца ЦА, МА нийсаяздар. | 10 | | | https://desharkho.ru/<br>www.urok95/ru<br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |
| **Дерриг:** | | **10** | | | |
| **Дакъа 9. Шарахь 1амийнарг карладаккхар.** | | | | | |
| 9. | Текст. Дешан х1оттам. Къамелан дакъош. Аьзнаш а, элпаш а.<br>Ц1ердешнийн дожарш. | 14 | 2 | | https://desharkho.ru/<br>www.urok95/ru<br>https://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/<br>https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |
| **Дерриг:** | | **14** | **2** | | |
| 10. | Сочинени | 1 | | | |
| | Изложени | 3 | | | |
| | Талламан белхаш | 5 | | | |
| | Т1ера схьайазйар. | 1 | | | |
| **Дерриг** | | **10** | | | |
| **Программин сахьтийн барам** | | **102** | | | |

**Нохчийн меттан тематикин планировани**
**4 класс**

| № п/п | Программин дакъойн а, темийн а цIераш | Сахьтийн барам | Терахь | Электронни дешаран ресурс. |
|---|---|---|---|---|

| | | Разделан сахьташ | Талламан белхаш | Кхоллараллин белхаш | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1.1 | 1амийнарг карладаккхар | 25 | 2 | 1 | | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham/ |
| **Разделан жам1:** | | **25** | **2** | **1** | | |
| 2.1. | **Ц1ердош** | 17 | 1 | 1 | | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru/<br>ps95.ru/dikdosham/ |
| **Разделан жам1:** | | 17 | 1 | 1 | | |
| 3.1. | **Билгалдош** | 10 | 0 | 0 | | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru/<br>ps95.ru/dikdosham/ |
| Разделан жам1: | | 10 | 0 | 0 | | |
| 4.1. | Хандош | 9 | 1 | 0 | | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru/<br>ps95.ru/dikdosham/ |
| Разделан жам1: | | 9 | 1 | 0 | | |
| 5.1 | **Терахьдош** | 3 | 0 | | | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru/<br>ps95.ru/dikdosham/ |
| **Разделан жам1:** | | **3** | **0** | **0** | | |
| 6.1 | **Ц1ерметдош** | 5 | 0 | 1 | | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru/ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | ps95.ru/dikdosham/ |
| **Разделан жам1:** | | **5** | **0** | **1** | | |
| 7.1 | **Чолхе предложенеш** | 2 | 0 | 0 | | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru/<br>ps95.ru/dikdosham/ |
| **Разделан жам1:** | | **2** | **0** | **0** | | |
| 8.1 | **Т1едерзар** | 2 | 0 | 0 | | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru/<br>ps95.ru/dikdosham/ |
| Разделан жам1: | | 2 | | 0 | | |
| 9.1 | 1амийнарг карладаккхар, т1еч1аг1дар. | 21 | 1 | 0 | | |
| Разделан жам1: | | 21 | 1 | 0 | | |
| 10.1 | Сочинени | 1 | | 1 | | |
| 10.2 | Изложени | 2 | | 2 | | |
| 10.3 | Талламан белхаш | 5 | 5 | | | |
| Разделан жам1: | | 8 | 5 | 3 | | |
| Программин сахьтийн барам | | 102 | | | | |